

# Transkripsyon: Prezantasyon sou rezidan Lwave Minimom Lojman Piblik yo

## Dyapozitif 1: (Dyapozitif pou Tit) Entwodiksyon

Salitasyon ak Byenvni. Se yon video tou kout pou bay fanmi k ap viv nan lojman sosyo yo enfòmasyon. This is a brief informational video for public housing resident families.

Pandan video a n ap diskite sou règleman sou Lwave Minimòn lan ak egzanpsyon pou difikilte ekonomik. Objektif fomasyon an se pou fe rezidan yo konprann:

- Kisa ki Lwave Minimom lan epi;
- Kile fanmi yo ka benefisyé egzanpsyon akoz difikilte ekonomik pou yo peye Lwave Minimom lan

## Dyapozitif 2: Kisa Lwave Minimom lan ye

Avan tou, kisa Lwave Minimom lan ye? Lwave Minimom lan se pi piti montan PHA a ap fe yon fanmi peye.

Lwave minimòn lan antre an fonksyon si kantite kòb fanmi w peye pou lwave a egal oubyen pi ba pase Lwave minimòn PHA fikse a

Men yon egzanp. Yon PHA fikse Lwave Minimòn lan a \$25. Pou yon fanmi rezidan k ap peye lwave ki kalkile an fonksyon revni li, kalkil li a ba l \$20 pou lwave. Lwave Minimom lan ap aplike pou fanmi sa kidonk l ap peye \$25.

## Dyapozitif 3: Konbyen Lwave Minimòm lan ye

Se PHA a ki fikse Lwave Minimòm lan.

Gen enfòmasyon sou Lwave Minimòm lan nan dokiman règleman ekri PHA yo ke yo konnen sou non Politik Admisyon ak Rezidans Pèmanan, oubyen ACOP (Admissions and Continued Occupancy Policy)

Yon PHA ka fikse yon Lwave Minimòm ak nenpòt ki montan sòti nan \$0 rive nan \$50 pa mwa

## Dyapozitif 4: Kisa ki Egzanpsyon Lwave Minimòm lan akoz Difikilte Ekonomik

Egzanpsyon Lwave Minimòm lan akoz Difikilte Ekonomik lan se kondisyon règleman HUD yo mete epi li aplike ak politik PHA a.

Egzanpsyon pou difikilte ekonomik yo bay fanmi yo yon souf pou yo pa peye Lwave Minimòm lan akoz difikilte ekonomik yo genyen.

Se fwave k ap peye Lwave Minimòm lan nan moman an epi ki gen difikilte ekonomik lan ki pou mande egzanpsyon an. Lwave minimòm lan aplike tou pou fanmi ki pa gen okenn sous revni.

#### Dyapozitif 5: Ki Difikilte Ekonomik ki Valab

Se règleman HUD a ak politik PHA a ki detèmine difikilte ekonomik ki valab yo.

Difikilte ekonomik ki valab yo gen sitiyasyon sa yo ladan l:

- Lè fanmi an pèdi aksè oubyen ap tann yo verifye si li elijib pou yon pwogram èd gouvènmantal;
- Lè yo pral met fanmi an deyo paske li pa kapab peye Lwave Minimòn lan;
- Lè revni fanmi an bese akoz kèk sikonstans ki chanje ak si yo pèdi travay yo;
- Lè gen lanmò nan fanmi an; epi
- Lòt sikonstans PHA oubyen HUD mete

#### Dyapozitif 6: Ki Difikilte Ekonomik ki Valab

PHA a dwe defini lòt sikonstans yo kapab aksepte antanke difikilte ekonomik pou jwenn egzanpsyon pou difikilte ekonomik pou peye Lwave Minimòm lan epi mete yo nan ACOP PHA a.

#### Dyapozitif 7: Kòman pou w fè yon Demann Egzanpsyon Pou Difikilte Ekonomik

Si se nan Lwave Minimòm ou ye kounya epi ou gen difikilte ekonomik valab, kontakte jesyonè imobilye a oubyen biwo lweyaj la pou w mande yon egzanpsyon pou difikilte ekonomik.

ou pa bezwen ranpli demann pou egzanpsyon pou difikilte ekonomik lan a lekri.

Pandan PHA a ap pran desizon epi si yo wè difikilte ekonomik valab yo la pou lontan, y ap kanpe Lwave Minimòm lan. Yo paka met yon fanmi deyo si li pa peye lwave pandan l ap tann repons pou egzanpsyon pou difikilte ekonomik oubyen pandan peryòd difikilte ekonomik valab yo.

#### Dyapozitif 8: Pwosedi Règleman Doleyans

Si PHA a refize bay yon rezidan egzanpsyon pou difikilte ekonomik li genyen pou li peye Lwave Minimòm lan, rezidan an gen dwa pou li mande yon odyans daprè pwosedi règleman doleyans yo.

Rezidan an ka mande yon odyans an konfòmite ak pwosedi PHA a mete nan ACOP la. Avan odyans lan, PHA a dwe bay kopi tout dokiman y ap gen pou itilize nan odyans lan.

#### Dyapozitif 9: Mèsi

Mèsi paske ou pran tan w gade vidéyo enstritif sa Si ou gen kesyon, tanpri kontakte Biwo jesyon PHA a oubyen lweyaj la.